



Ndamukiza 2025

*kirundi*

## **Kora vyose witanga!**

**Iganira abandi ukwizigira kukwuzuye!**

(1 Petero3,15)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [m.wacker@go4peace.eu](mailto:m.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Bakunzi ba Go4peace,

Muri uyu mwaka umuvyeyi wacu Papa Fransisko adutimirira kuba ingenzi z'umwizero, Edita aturuka muri Kososvo aradusabikaniriza „ibihe bikomeye vy'umwizero“ mu buzima bwiwe :

„Ndi umuganga mushasha nkaba nkorera mu gihugu mvukamwo Kososvo. Iruhande y'uyo mwuga wanjye, ndafasha urwaruka ruriko ruritegurira ivyigwa vy'ubuganga. Muri uyo murwi w'abanyeshure, harimwo mu mwaka uheze umwigeme afise ingorane muhira. Se wiwe yari yaratandukanye n'umuryango, nyina akaba arwaye cancer, none uyu mwigeme ntabona na mba ingene bizobandanya bigenda.

Nari narumvise ingorane ziwe, ariko simbone na gatoyi ingene nomufasha. Ico nashobora gusa kwari ukumwumviriza. Ndaheza ndagerageza gukomeza akariro k'umwizero muri we. Mu misi iheze niho numva indamutso nkoramutima ku musu w'amavuko yanje , ati : „sinzigera nibagira, ivyo wangiriye jewe no muri kazoza kanje.“ Amarira yarandengereye mu maso kuko naguma nibaza ko ataco namumariye ngo ndamufashe. Ico nagize gusa n'uko namwumvirije n'urukundo rw'ukuri,. Ivyo vyari vyaramufashije kwigumya mu ngorane yarimwo no gutora ubuzima bwiwe“.

Ingo twifatanye na Edita muri uku kwezi kwa Ndamukiza mu civugo: Kora vyose witanga!

Kubwa go4peace

Meinolf Wacker